

Depatman Sèvis Developmantal yo (DDS)

Eta Massachusetts
Biwo Egzektif Sèvis Sante ak Sèvis Imen yo



**Egzansyon pou Sèvis Lakay ak nan Kominote a:
Manyèl pou Endividyèl ak Fanmi yo**

Tab Matyè

| | |
|-----------------------------------------------------------------------------------|-----------|
| Entwodiksyon..... | 3 |
| Ki sa Egzansyon HCBS yo ye?..... | 3 |
| Egzansyon DDS pou Adilt ki gen Andikap Entelektyèl yo..... | 4 |
| Egzansyon pou Sipò Adilt | 4 |
| Egzansyon pou Viv nan Kominote a | 5 |
| Egzansyon pou Sipò Entans | 6 |
| Lis Kalifikasyon pou Egzansyon yo..... | 7 |
| Aksè a Egzansyon yo..... | 7 |
| Lòt Sèvis MassHealth yo..... | 8 |
| Sèvis Egzansyon yo: Chwa, Potabilite, Opsyon Founisè yo | 8 |
| Fè Demann Sèvis | 8 |
| Priyorite w pou Sèvis yo | 9 |
| Chwazi yon Founisè Sèvis | 9 |
| Sèvis ou yo “Pòtab” | 10 |
| Mande Chanje Founisè Sèvis ou..... | 10 |
| Chwazi ki Metòd Sèvis ki Pi Bon pou Ou | 12 |
| Metòd Tradisyonèl | 11 |
| Metòd Ajans ak Chwa..... | 12 |
| Metòd Pwogram Patisipan an Dirije..... | 12 |
| Fèy Adisyonèl | |
| Chwazi yon Founisè Sèvis: Yon gid pou patisipan pwogram egzansyon yo | 13 |

Entwodiksyon

Depatman Sèvis Developmantal yo (The Department of Developmental Services oswa DDS) te kreye manyèl sa pou ede w konprann egzansyon pou Sèvis Lakay ak Kominote (HCBS) yo. Egzansyon yo se pwogram sèvis ki baze nan kominote a. Se yon patenarya ant gouvènman eta ak gouvènman federal yo e se Eta Massachusetts ki jere pwogram sa yo pa mwayer MassHealth (Medicaid). Nan dokiman sa a, w ap jwenn enfòmasyon konsènan diferan kalite egzansyon ki egziste pou adilt ki gen andikap entelektyèl yo, ak enfòmasyon konsènan sèvis egzansyon yo ak diferan chwa ou genyen nan fason w pwofite sèvis sa yo.

Ki sa Egzansyon HCBS yo ye?

Nan Massachusetts, pwogram egzansyon pou Sèvis Lakay ak Kominote (HCBS) yo se pwogram sipò kominote ki finanse pa yon konbinezon fon eta ak fon federal yo. Yo rele l yon "egzansyon" paske se yon dispozisyon eta gen ak pwogram Medicaid federal pou mete sou kote, oswa "egzante w", de kèk règ Medicaid yo pou pèmèt ou gen plis chwa an rapò ak sèvis w ap resevwa ak fason yo ba w sèvis sa yo.

Nan tan pase yo, fon Medicaid yo te disponib sèlman pou sèvis yo bay nan enstitisyon yo. Lè sistèm sèvis kominote yo te vin devlope plis, Kongrè te rann li kont li ta ka bon pou moun gen opsyon resevwa sèvis lakay ak sèvis nan kominote yo anplis opsyon resevwa sèvis nan enstitisyon yo. Se poutèt sa, Kongrè te kreye egzansyon HCBS yo, pou pèmèt moun chwazi ki kote y ap resevwa sèvis, swa nan kominote a, swa nan yon Etablisman Swen Entèmedyè pou Moun ki gen Andikap Entelektyèl (ICF/IID). Piske li patisipe nan pwogram sa a, Massachusetts konn resevwa lajan nan men pwogram Medicaid federal la pou peye anviwon yon mwatye depans sèvis ou yo.

Pou yo resevwa fon federal yo, chak eta ki sèvi ak egzansyon yo dwe suiv yon seri règ federal ki gen rapò ak pwogram nan. Règ sa yo esplike ki jan Massachusetts pral:

- ✓ Asire sante ak byennèt moun ki enskri nan egzansyon an;
- ✓ Asire tout pwofesyonèl k ap founi sèvis yo kalifye;
- ✓ Asire endividyle yo kapab chwazi kiyès k ap founi sèvis pa yo.

Gen plizyè fason yo finanse sèvis egzansyon ou yo. Sa gen lajan l akò fre avèk founisè ki travay ak DDS (pwofesyonèl kalifye) yo, ak kontra ant DDS ak founisè kalifye yo. Epitou, DDS gen yon kontra ak yon lòt kalite ajans ki ede yo jere lajan ak bidjè yo e peye moun yo vle pran kòm anplwaye (yon entèmedyè finansye). Chak ane DDS konn resevwa yon kantite lajan nan men gouvènman eta a pou peye pou sèvis sa yo. DDS peye pou sèvis ou yo pa mwayer opsyon finansye ou chwazi. Apre sa, DDS voye yon bòdwo bay Medicaid federal pou mande yo ranbouse

anviwon yon mwatye nan depans sèvis ou yo. Ajans Medicaid federal voye lajan an nan kont trezò eta a.

Egzansyon DDS pou Adilt ki gen Andikap Entelektyèl yo:

DDS ofri twa egzansyon HCBS prensipal pou adilt ki gen Andikap Entelektyèl, ki se Egzansyon pou Sipò Adilt, Egzansyon pou Viv nan Kominote a, ak Egzansyon pou Sipò Entans.

Egzansyon pou Sipò Adilt bay sèvis a moun ki ranpli kalifikasyon yo e ki bezwen omwen yon (1) egzansyon pou sèvis lakay ak kominote chak mwa. Moun sa yo pa bezwen sèvis yo bay anba Egzansyon pou Viv nan Kominote a oswa Egzansyon pou Sipò Entans yo. Endividyeùl sa yo rete swa lakay fanmi an, swa nan yon plasman fanmi pou adilt, swa poukонт yo, e yo pa bezwen swen 24 sou 24. Yo ka pran swen bezwen sante ak byennèt yo swa nan kay fanmi an swa nan kominote a. Sèvis egzansyon yo kapab diferan pou chak moun, sa depann de aranjman lojman an. Yon moun ap sèlman resevwa sèvis ki nesesè pou pèmèt li rete nan kominote a an sekirite. Egzansyon pou Sipò Adilt la gendwa soutni direksyon patisipan an pa mwayen bidjè ak otorite patwon pou kèk sèvis presi, si moun nan enterese.

Men ki sèvis yo ofri anba Egzansyon pou Sipò Adilt la:

- Konpayon Adilt
- Teknoloji Fonksyonèl
- Sipò ak Konsiltasyon pou Konpòtman
- Travay Lakay
- Sipò Lajounen yo nan Kominote a
- Fòmasyon Fanmi
- Anplwa ki gen Sipò An Gwoup
- Modifikasyon ak Adaptasyon Lakay
- Byen ak Sèvis Endividyeùl yo
- Sipò Lajounen Endividyeùl yo
- Sipò Lakay Endividyeùl yo
- Sipò Anplwa Endividyeùl
- Sipò Kamarad
- Sipò a Distans ak Siveyans

- Repo
- Ekipman ak Materyèl Medikal Espesyal
- Estabilizasyon
- Transpò
- Modifikasyon Machin

Egzansyon pou Viv nan Kominote a bay sèvis a moun ki ranpli kalifikasyon yo e ki bezwen omwen yon (1) egzansyon pou sèvis kominote chak mwa. Moun sa yo bezwen plis sipò pase moun ki resevwa Egzansyon pou Sipò Adilt, men yo pa rive nan nivo Egzansyon pou Sipò Entans. Endividyèl sa yo rete swa lakay fanmi an, swa nan yon plasman fanmi pou adilt, swa avèk yon founisè swen ki viv avèk yo, swa poukont yo, e yo pa bezwen swen 24 sou 24. Yo ka pran swen bezwen sante ak byennèt yo swa nan kay fanmi an swa nan kominote a. Sèvis egzansyon yo kapab diferan pou chak moun, sa depann de aranjman lojman an. Yon moun ap sèlman resevwa sèvis ki nesesè pou pèmèt li rete nan kominote a an sekirite. Egzansyon pou Viv nan Kominote a gendwa soutni direksyon patisipan an pa mwayer bidjè ak otorite patwon pou kèk sèvis presi, si moun nan enterese.

Men ki sèvis yo ofri anba Egzansyon pou Viv nan Kominote a:

- Konpayon Adilt
- Teknoloji Fonksyonèl
- Sipò ak Konsiltasyon pou Konpòtman
- Travay Lakay
- Sipò Lajounen yo nan Kominote a
- Fòmasyon Fanmi
- Anplwa ki gen Sipò An Gwoup
- Modifikasyon ak Adaptasyon Lakay
- Byen ak Sèvis Endividyèl yo
- Sipò Lajounen Endividyèl yo
- Sipò Lakay Endividyèl yo
- Sipò Anplwa Endividyèl
- Founisè Swen ki Viv Lakay ou
- Sipò Kamarad

- Sipò a Distans ak Siveyans
- Repo
- Ekipman ak Materyèl Medikal Espesyal
- Estabilizasyon
- Transpò
- Modifikasyon Machin

Egzansyon pou Sipò Entans la bay sèvis a moun ki ranpli kalifikasyon yo e ki bezwen moun pou sipèvize ak soutni yo 24 sou 24 poutèt yo bezwen sipò serye akoz yon pwoblèm konpòtman, medikal ak/oswa fizik. Sèvis egzansyon yo kapab diferan pou chak moun, sa depann de aranjman lojman an. Yon moun ap sèlman resevwa sèvis ki nesesè pou pèmèt li rete nan kominate a an sekirite. Egzansyon pou Sipò Entans gendwa soutni direksyon patisipan an pa mwayen bidjè ak otorite patwon pou kèk sèvis presi, si moun nan enterese.

Men ki sèvis yo ofri anba Egzansyon pou Sipò Entans:

- Konpayon Adilt
- Teknoloji Fonksyonèl
- Sipò ak Konsiltasyon pou Konpòtman
- Travay Lakay
- Sipò Lajounen yo nan Kominate a
- Fòmasyon Fanmi
- Anplwa ki gen Sipò An Gwoup
- Modifikasyon ak Adaptasyon Lakay
- Byen ak Sèvis Endividydèl yo
- Sipò Lajounen Endividydèl yo
- Sipò Lakay Endividydèl yo
- Sipò Anplwa Endividydèl
- Founisè Swen ki Viv Lakay ou
- Sipò Kamarad
- Sèvis Plasman (Lojman Pataje) – Sipò 24 sou 24

- Sipò a Distans ak Siveyans
- Fòmasyon Rezidansyèl
- Repo
- Ekipman ak Materyèl Medikal Espesyal
- Estabilizasyon
- Sèvis Èd Tranzisyonèl
- Transpò
- Modifikasyon Machin
- Pataje Lakay 24 sou 24 yon Fason Otonòm

Lis Kalifikasyon pou Egzansyon yo:

Pou yon endividyèl kalifye pou yon Egzansyon DDS, li dwe ranpli kalifikasyon federal ki vin apre yo:

- ✓ Li dwe yon moun ki gen yon andikap entelektyèl selon DDS;
- ✓ Li dwe kalifye pou, ak enskri nan, MassHealth Standard;
- ✓ Li dwe gen omwen 22 an laj oswa plis;
- ✓ Bezwèn li yo dwe rive nan “nivo swen” ki tabli pou chak egzansyon; sa vle di bezwen li yo serye e yo rive nan nivo kote li bezwen resevwa swen nan yon Etablisman Retrèt (NF), Etablisman Swen Entèmedyè pou Moun ki gen Andikap Entelektyèl (ICF/IID), oswa nan yon lopital;
- ✓ Li dwe dakò resevwa sèvis li yo nan kominate a olye pou l resevwa yo nan yon enstiti; epi
- ✓ DDS evalye li e yo detèmine li bezwen resevwa youn oswa plis nan sèvis egzansyon yo.

Aksè a Egzansyon yo:

Si w enterese nan youn nan egzansyon yo, ou dwe ranpli yon fòmilè aplikasyon. Kowodinatè Sèvis ou kapab ba w yon fòmilè aplikasyon, oswa ou kapab jwenn li sou sitwèb DDS la ([DDS Waiver Applications](#)).

Depi yo resevwa aplikasyon w, DDS pral evalye bezwen ou yo e y ap deside si w ranpli kalifikasyon yo. Menmsi w ranpli kalifikasyon yo, sa pa vle di w ap resevwa yon egzansyon. Gen yon limit sou kantite moun ki gendwa resevwa chak egzansyon chak ane. Anplis, DDS gen otorite pou l mete yon limit sou kantite egzansyon li bay selon lajan ki disponib pou nouvo patisipan yo.

Si w enskri nan yon pwogram egzansyon e ou santi w ke bezwen ou yo gentan chanje e ou bezwen yon lòt kalite egzansyon, ou gendwa fè demann pou yo enskri w nan yon lòt pwogram egzansyon lè w ranpli yon nouvo aplikasyon oswa lè w pale ak Kowodinatè Sèvis ou a. Ou pa gendwa enskri nan plis pase yon sèl egzansyon alafwa.

Lòt Sèvis MassHealth yo:

Yon moun ki enskri nan yon pwogram egzansyon DDS toujou gendwa resevwa tout lòt sèvis MassHealth yo detèmine kòm nesesite medikal. Sèvis sa yo gendwa gen ladan yo swen medikal, swen enfimyè, pwofesyonèl sante lakay, asistan pwen pèsonèl, ak nenpòt lòt sèvis ki disponib pa mwayen Plan Eta MassHealth.

Sèvis Egzansyon yo: Chwa, Potabilite, Opsyon Founisè

Fè Demann Sèvis yo:

Yonfwa yo deside w kalifye pou sèvis DDS yo, y ap refere w nan Biwo Zòn lokal ou, ki se youn nan biwo DDS reyjonal atravè eta a. Yon moun nan Biwo Zòn nan ap pale avè w sou diferan kalite sèvis ki disponib, e w ap di yo kiyès nan sèvis sa yo w ap mande. Apre w fin di DDS ki sèvis ou vle (yo), y ap fè yon evalyasyon ki rele MASSCAP, oswa Pwosesis Konplè Evalyasyon Massachusetts (Massachusetts Comprehensive Assessment Process):

- ✓ Se MASSCAP ki ede DDS deside si w kalifye pou sèvis yo ak ki kalite sèvis ou bezwen. Pafwa, sèvis ou vle yo gendwa pa menm ak sèvis DDS deside w bezwen selon evalyasyon w. Pa egzanp, ou gendwa anvi viv poukонт ou, men evalyasyon an gendwa revele ke ou toujou bezwen devlope kèk konpetans ki nesesè pou w viv poukонт ou san èd, tankou fè manje, jere lajan, ak pran swen kay la. Depatman an sèlman gendwa founi w sèvis ou bezwen selon evalyasyon an, e ki mache ak politik DDS yo. Moun ki kondui evalyasyon MASSCAP yo soti nan ekip antre ak elijibilite DDS la ak/oswa yo soti nan ekip MASSCAP Biwo Zòn nan. Pou w jwenn plis enfòmasyon sou pwosesis MASSCAP, vizite sitwèb DDS (www.mass.gov/dds) oswa lyen ki vin apre a: [MASSCAP Kesyon yo Poze pi Souvan](https://www.mass.gov/doc/masscap-faqs-0/download) (<https://www.mass.gov/doc/masscap-faqs-0/download>)

Priyorite w pou Sèvis yo:

DDS ap konpile enfòmasyon li bezwen pa mwayen evalyasyon MASSCAP a pou l fè yon desizyon konsènan ki sèvis an patikilyè ou bezwen ak kilè w ap kapab resevwa yo.

Yonfwa evalyasyon MASSCAP la fini, w ap resevwa yon Lèt Priyorite k ap esplike ki sèvis ou kalifye resevwa ak kilè w ap kòmanse resevwa yo.

Chwazi yon Founisè Sèvis:

Moun ki patisipe nan egzansyon yo gendwa chwazi ki founisè sèvis yo vle itilize. Yo mèt chwazi nenpòt founisè nan eta a ki disponib e ki kalifye. Gen yon lis founisè sèvis DDS yo ak pwogram yo ofri sou entènèt (www.massreallives.org). Lè w ap chwazi yon founisè sèvis, li enpòtan pou w reflechi anpil sou sa ki pi enpòtan pou ou menm pèsònèlman, pou w chèche anpil enfòmasyon k ap ede w fè bon desizyon, e pou w chèche sipò nan men moun ou fè konfyans pandan w ap fè desizyon sa a.

Moun ki kapab ede w reflechi e jwenn plis enfòmasyon se kapab fanmi w ak zanmi w yo, anplwaye k ap travay ansanm avèk ou kounye a, Kowodinatè Sèvis DDS ou, ak lòt moun ki gentan pase nan menm pwosesis sa a deja. Lè w ap chwazi konpayi k ap founi sèvis ou yo, li enpòtan pou w jwenn maksimòm enfòmasyon ki posib pa mwayen yon varyete resous.

Men kèk ide sou fason w ka aprann plis sou opsyon ou yo:

- ✓ Li enfòmasyon sou founisè sèvis yo;
- ✓ Vizite biwo founisè sèvis la;
- ✓ Pale ak anplwaye yo;
- ✓ Vizite lokal founisè sèvis yo epi obsève kèk nan sèvis yo ofri yo;
- ✓ Pale ak lòt moun ki konn resevwa sèvis nan men founisè a.

Men kèk pwen enpòtan pou w sonje:

- ✓ Ou ka jwenn yon lis founisè sèvis DDS ak pwogram yo ofri yo sou entènèt (www.massreallives.org). Epitou, ou gendwa mande Kowodinatè Sèvis ou pou yon lis tout founisè sèvis kalifye yo. Founisè yo pa konn bay sèvis nan chak vil oswa bouk, donk li enpòtan pou w deside ki kote w vle resevwa sèvis ou epi chwazi yon founisè sèvis k ap travay nan vil sa a.
- ✓ Se pa tout founisè sèvis k ap gen espas disponib pou yo soutni w.
- ✓ Transpò ale tounen nan sèvis ou yo gendwa afèkte kote w vle resevwa sèvis yo.
- ✓ Byenke pifò founisè yo se konpayi prive, gen kèk founisè ki pou eta a. Si gen yon sityasyon kote sèl founisè sèvis ki apwopriye pou ou e ki disponib se yon founisè eta a, w ap resevwa yon avi alekri ki fè w konnen:
 1. Se eta Massachusetts ki responsab founisè w.
 2. Ou gendwa, pa mwayen yon pwosesis pou rezoud dispit, pou w fè Ekip Resolisyon Dispit DDS la egzamine founisè sèvis ki disponib yo yon fason endepandan pou yo asire y ap ba w sèvis san okenn konfli entere.

- ✓ Ou gendwa fè yon entèvyou ak anplwaye founisè yo pou w pale avèk yo sou bagay ki enpòtan pou ou.
- ✓ Ou gendwa vizite lokal pwogram yo pou w wè kòman yo ye e ki sa kliyan yo ap fè.
- ✓ Gade fèy ki afiche ki gen pou tit "*Chwazi yon Founisè Sèvis: Yon gid pou patisipan pwogram egzansyon yo*". Dokiman sa a detaye kèk kesyon ou gendwa poze founisè sèvis yo pandan w ap chèche kiyès ladan yo k ap pi bon pou ou.

Kowodinatè Sèvis ou kapab ede w konpile enfòmasyon an, navege diferan sitwèb yo, reponn nenpòt kesyon w genyen konsènan enfòmasyon ekri yo, fikse randevou pou w vizite founisè sèvis yo, e li ka ede w reflechi sou ki kalite kesyon ou dwe poze selon pwen ki pi enpòtan pou ou.

Sèvis ou yo "Pòtab"

Lè yo di sèvis ou yo pòtab, sa vle di se ou menm ki gen kontwòl sou sèvis ou yo, e nan pifò sikorans, ou gen opsyon pou w chanje founisè sèvis si w vle. Sa se yon pati enpòtan nan egzansyon an. DDS detèmine pou l kreye opòtinite pou endividylel yo fè pwòp chwa pa yo pandan y ap planifye lavni pèsonèl yo. Si w ap resevwa sèvis ki anba yon egzansyon, sèvis ou yo pòtab; sepandan, ou sèlman gendwa resevwa yon sèvis si evalyasyon MASSCAP montre ou bezwen l.

Mande Chanje Founisè Sevis ou

Si yon moun deja ap resevwa sèvis e li vle chanje founisè sèvis li, pwosesis la pa menm ak lè w ap chèche yon founisè sèvis pou premye fwa. Ou gendwa mande chanje founisè sèvis nenpòt lè. Premye bagay ou dwe fè, se fè DDS konnen ou vle chanje founisè sèvis ou. Ou gendwa kontakte Kowodinatè Sèvis ou, oswa ou kapab rele Biwo Zòn nan epi mande pale ak Direktè Zòn nan.

Yonfwa DDS konnen ou vle chanje founisè sèvis ou, y ap mande w poukisa ou vle chanje. Si w vle chanje paske w gen pwoblèm ak founisè sèvis la, y ap fè tout efò pou yo adrese ak rezoud pwoblèm nan. DDS kwe li pi bon pou tout moun resevwa bon sèvis, kèlkeswa kote yo ye. Moun pa dwe oblige deplase oswa chanje founisè sèvis pou yo jwenn bon sèvis. Fè chanjman bay anpil tètchaje nan lavi moun, e se poutèt sa, y ap fè tout efò pou evite traka sa a.

Founisè sèvis aktyèl ou gendwa pwopoze w yon lòt plan pou adrese pwoblèm ou yo e pou soutni w yon lòt jan. W ap gen opòtinite pale avèk yo sou plan yo pwopoze ou a epi reflechi sou si nouvo plan sa a satisfye w. Si w dakò ak nouvo plan an, founisè sèvis ou ak Biwo Zòn nan pral travay ansanm pou finalize l. Yonfwa gen yon akò, Kowodinatè Sèvis ou pral fè suivi pou asire chanjman ou te mande yo fèt toutbon.

Si w toujou vle chanje founisè sèvis ou, menm apre w konsidere lòt opsyon founisè sèvis aktyèl ou pwopoze:

- ✓ DDS pral ede w jwenn enfòmasyon w bezwen pou w fè yon desizyon konsènan ki founisè sèvis w ap chwazi.

- ✓ Li enpòtan pou w reflechi anpil anvan w chanje founisè sèvis ou, paske fè chanjman konsa gen yon gwo enpak nan lavi w.
- ✓ Fanmi ak zanmi w yo kapab ede w deside ki founisè sèvis ou vle itilize. Se desizyon pa w.
- ✓ Kowodinatè Sèvis ou pral ba w enfòmasyon sou tout founisè sèvis kalifye yo, ki sèvis yo bay, adrès sitwèb yo, ak enfòmasyon ki ekri sou sèvis ak estanda DDS yo. Epitou, ou gendwa chèche founisè sèvis sou entènèt (www.massreallives.org).

Yonfwa w fin chwazi yon founisè sèvis espesifik, y ap ofri w yon plas apwopriye lè gen youn ki vin disponib. DDS gendwa refize demann ou fè pou chanje founisè sèvis ou si DDS panse sa ap mete sante oswa sekirite ou menm oswa lòt moun an risk si w chanje. Pa egzanp, si w gen yon kondisyon medikal ki fè w bezwen yon enfimyè, fòk ou viv yon kote ki gen enfimyè ki disponib. Sa pa t ap an sekirite pou w viv yon kote pa gen enfimyè ki disponib. Li enpòtan pou w sonje DDS ap konsidere bezwen tout moun yo sèvi yo, e konsa sa ka pran tan pou yo chanje founisè sèvis ou.

Apre w fin chanje founisè sèvis ou, okòmansman ou ka santi w pa nan po w. W ap gen nouvo anplwaye k ap travay avèk ou, e moun ki viv oswa travay avèk ou ka chanje tou. Se yon gwo chanjman, donk, li enpòtan pou w kenbe kontak ak moun ou fè konfyans pandan w ap vin abitye ak nouvo moun nan lavi w. Pandan ane a, y ap sèvi ak ISP w pou tcheke satisfaksyon w.

Kowodinatè Sèvis ou pral pale avèk ou sou kòman nouvo aranjman yo ap mache pou ou e l ap pale ak founisè swen w sou pwogrè w.

Chwazi Ki Metòd Sèvis ki Pi Bon pou Ou

Antanke yon patisipan nan egzansyon an, ou gendwa chwazi ki jan yo ba w sèvis. DDS gentan devlope opsyon sèvis ki pèmèt moun gen plis kontwòl sou desizyon ki fèt an rapò ak sèvis yo bezwen (ak pa bezwen) yo e ki pi bon metòd pou yo bay sèvis sa yo.

Ou kapab aprann plis sou opsyon metòd sèvis ou yo sou entènèt (www.mass.gov/doc/choosing-your-dds-adult-services/).

Gen twa kalite metòd sèvis:

- Tradisyonèl
- Ajans ak Chwa
- Pwogram Patisipan an Dirijie

Ki sa Metòd Tradisyonèl la ye?

Metòd Tradisyonèl la se metòd sèvis pifò moun Massachusetts konn itilize.

Avèk metòd sa a, ajans founisè a (kalifye ak sètifye) gen yon kontra dirèk ak DDS pou l bay yon endividyèl yon seri sipò espesifik (pa egzanp, lojman pataje, rezidans nan kominate, sipò endependans yo, pwogram travay ak pwogram lajounen yo, sipò fanmi).

Se ajans lan ki gen tout otorite ak responsabilite pou l pran anplwaye yo, ba yo fòmasyon, sipèvize yo, ak peye yo.

Endividyèl yo, fanmi yo ak ekip sèvis yo devlope yon Plan Sèvis Pèsonèl (ISP) e yo pataje pwenvi yo sou lòt desizyon ki fèt chak jou.

Ajans founisè a responsab pou l jere tout aspè bidjè a pou l asire sèvis ak ISP li bay yo mache an amoni ak lwa eta ak lwa federal yo, règ DDS ak lòt règ eta yo, ak lòt rekiz DDS yo.

Ki sa Metòd Ajans ak Chwa a ye?

Metòd Ajans ak Chwa a pèmèt endividyèl ak fanmi yo chwazi e sipèvize anplwaye yo ak achte byen ak sèvis yo, san yo pa responsab tach ki nòmalman asosye ak yon patwon, tankou tach règ yo, kontabilite, tach legal ak tach teknik yo.

Avèk metòd sa a, se endividyèl/fanmi li ANSANM AK ajans founisè a ki responsab chwazi anplwaye yo, jwe wòl patwon, ak achte byen ak sèvis apwopriye yo. Founisè a jere kèk aspè bidjè a pou asire l ap suiv lwa federal ak lwa eta yo, règ DDS ak lòt règ eta yo, ak lòt rekiz DDS yo.

Se endividyèl oswa fanmi li ki chwazi anplwaye yo (se gendwa founisè ki mete anplwaye sa yo disponib), pwogramme orè travay ak tach ki dwe fèt yo, sipèvize anplwaye yo chak jou e jere yo, ak deside kilè yo pa bezwen yon anplwaye ankò.

Se ni ajans lan ni endividyèl oswa fanmi li ki pataje responsabilite pou yo fòme e evalye anplwaye yo.

Ki sa Metòd Pwogram Patisipan an Dirije a ye?

Pwogram Patisipan an Dirije a (PDP) ofri plis fleksibilite pou òganize sipò sou baz bezwen ak preferans chak endividyèl. Endividyèl la gendwa chwazi ki anplwaye l ap pran e li kapab fè lòt desizyon konsènan fason l ap sèvi ak alokasyon DDS ba li.

Avèk metòd Patisipan an Dirije a, se patisipan an menm ki fè pwòp desizyon pa l, ki deside kòman l ap depanse fon DDS ba li pou sèvis, sipò ak byen yo (an amoni ak règ DDS yo), e ki pran responsabilite pou desizyon li fè yo.

Gen yon entèmedyè finansye (FI) ki sèvi kòm yon ajan pou endividyèl ak fanmi yo, e se li ki responsab peman yo. Entèmedyè a peye anplwaye sipò yo, ak lòt byen ak sèvis yo, selon bidjè

patisipan an. Entèmedyè a sipèvize fon ak rapò yo e li asire tout depans yo an amoni ak lwa federal ak lwa eta yo, règ DDS ak règ lòt ajans eta yo, ak lòt rekiz DDS yo.

Yon Lyezon Sipò, nòmalman se yon Kowodinatè Sèvis DDS, pral ede moun nan detaye sa li bezwen ak sa li vle pa mwayen yon pwosesis planifikasyon ki santre sou endividylè la e ki mennen nan devlopman yon Plan Sèvis Pèsonèl (ISP). Lyezon Sipò a ap ede moun nan kreye ak jere yon bidjè ki mache ak alokasyon yo ba li a e l ap ede l devlope yon rezo sèvis/sipò.

Anplis, Lyezon Sipò a reprezante endividylè la pandan li òganize sèvis nesesè yo, bay enfòmasyon sou resous yo, e li soutni endividylè la pandan l ap evalye efikasite diferan sipò yo.

Bidjè Endividylè la se yon bagay ki ede patisipan an dirije e jere sèvis li itilize yo. Pa mwayen bidjè a, patisipan an gen kontwòl sou yon kantite lajan espesifik e li gen responsabilite ak libète pou l achte sipò, byen, ak sèvis nan yon varyete sous.

Se DDS ki konplete pwosesis la pou kalifye anplwaye endividylè la pran yo. Tout anplwaye yo pran nan metòd sa a dwe:

- ✓ Gen omwen 18 an laj;
- ✓ Gen yon CORI (Rekò Enfòmasyon sou Kriminèl yo);
- ✓ Gen yon diplòm lekòl segondè oswa yon sètifikasi GED.

FÈY ADISYONÈL 1

Chwazi yon Founisè Sèvis: Yon gid pou patisipan pwogram egzansyon yo

Dokiman sa a gen kèk ide sou ki kalite kesyon ou menm ak fanmi w gendwa poze founisè sèvis yo, ak ki obsèvasyon ou ka fè, pou ede w deside ki founisè k ap pi bon pou ou.

Istwa ak Objektif Founisè Sèvis la

- ✓ Sa fè konbyen tan konpayi a ap travay antanke yon founisè sèvis? Ki kalite sèvis ou ofri?
- ✓ Ki kote sèvis yo disponib – nan ki vil ak nan ki bouk?
- ✓ Ki jan w asire w kliyan yo kontan ak sèvis y ap resevwa yo? Lè gen yon pwoblèm, ki jan w reyaji?
- ✓ Ki jan w sounti kliyan yo pou yo pale pou defann pwòp tèt yo e pou yo jere pwòp sèvis yo?

- ✓ Èske gen moun andikape ki sèvi nan Komite Direksyon, Komite Dwa Imen, oswa lòt gwoup founisè sèvis ou yo?
- ✓ Èske gen fanmi moun andikape yo ki sèvi nan Komite Direksyon, Komite Dwa Imen, oswa lòt gwoup founisè sèvis ou yo?

Anplwaye yo

- ✓ Ki jan w chèche anplwaye yo? Ki jan w tcheke istwa yo? Ki wòl m ap jwe nan chwazi ak evalye anplwaye k ap travay ansanm avèk mwen yo?
- ✓ Ki fòmasyon ou bay anplwaye k ap travay ansanm avèk mwen yo? Ki jan m ap fè konnen si yo konnen fason pou soutni mwen pou m atenn objektif mwen yo? Èske m ap gen opòtinite pou m ede yo anseye anplwaye k ap travay avèk mwen yo sa k mache pi bon pou mwen?
- ✓ An jeneral, konbyen tan anplwaye yo konn rete nan anplwa w? Èske anplwaye nou yo kite travay souvan, oswa èske yo rete pou anpil tan? Èske m mèt fè konesans ak kèk nan anplwaye ou yo?
- ✓ Si mwen oswa lòt kliyan yo pote plent pou yon anplwaye, ki jan w reponn devan plent sa yo?

Aktivite Sosyal ak Aktivite Kominote yo

- ✓ Ki jan w soutni kliyan ou yo pou yo ka kontinye gen bon relasyon ak fanmi e ak zanmi yo? Ki jan w pral ede m fè nouvo zanmi?
- ✓ Ki jan w jere afè transpò pou ede moun ale kote yo bezwen ale?
- ✓ Ki jan w ede moun vin konekte e rete konekte ak kominote yo?
- ✓ Ki jan w pral soutni m pou m ka fè kontribisyon pa m nan kominote a?
- ✓ Èske m pral gendwa soti poukонт mwen pou m fè sa m vle, oswa èske m pral oblige soti ak kamarad de kay mwen yo?

Sante ak Byennèt

- ✓ Ki jan w pral soutni m pou m gen pi bon sante ki posib?
- ✓ Ki jan w konn ede moun aprann plis sou manje ki bon pou sante ak egzèsis?
- ✓ Ki jan w jere ijans sante yo?
- ✓ Ki jan w jere lòt kalite ijans yo?

- ✓ Ki jan w asire w kliyan yo an sekirite e yo pwoteje kont danje, toutpandan ou toujou ba yo opòtinite pou yo pran risk?

Kèk pwen pou w konsidere pandan w vizite lokal la

- ✓ Èske kay oswa lokal la pwòp, ni anndan ni deyò? Èske imaj l ap vwazinaj ak kominate a se yon imaj pozitif? Èske w ka imajine tèt ou ap viv oswa travay isi a?
- ✓ Lè w te vizite kay la, kiyès ki te reponn pòt kay la, moun k ap viv ladan l, oswa anplwaye yo? Èske anplwaye ou te rankontre yo te montre respè?
- ✓ Èske kay la sanble yon kote ou kapab santi w lakay? Èske moun k ap viv ladan l gen dwa dekore kay la jan yo pi pito? Èske moun yo gen bagay pèsonèl yo?
- ✓ Lè w te vizite lokal travay la, èske moun yo te gen travay pou yo fè pandan vizit ou? Èske anplwaye ou te rankontre yo te montre respè?
- ✓ Èske lokal fizik sa a konble bezwen w yo?

Kesyon pou w poze Founisè Sèvis Anplwa yo

- ✓ Ki jan w pral deside ki kalite travay k ap bon pou mwen?
- ✓ Ki jan w pral ede m jwenn yon travay?
- ✓ Ki jan w pral prepare m pou m fè entèvyou pou yon travay?
- ✓ Ki jan w pral ede m antre nan rezo sosyal nan travay mwen?
- ✓ An jeneral, konbyen lajan moun w ap soutni yo touche?
- ✓ An jeneral, konbyen èdtan yo konn travay chak semèn?
- ✓ Konbyen tan sa pran pou yon moun jwenn yon travay?
- ✓ An jeneral, pandan konbyen tan moun yo kenbe travay yo?
- ✓ Ki kalite sipò ou konn bay moun ki pa gen travay (gwoup sipò, pwogram fòmasyon, eksetera)?
- ✓ Ki kalite sipò w ap ba mwen pou m ka jwenn transpò ale tounen nan travay la?